



AVISO LEGAL

Capítulo del libro:	Radyografi kriz ayisyen. Jenèz ak sans yon reyaltite pliryèl
Autor del capítulo:	Daniel Casimir, Elinet
Forma parte del libro:	<i>Haiti en la hora crucial</i>
Autores del libro:	Wood; Yolanda; Vargas Canales, Margarita Aurora; Barrera Castañeda, Claudia Fernanda; Célius, Carlo Avierl; Daniel Casimir, Elinet
Colaboradores del libro:	Vargas Canales, Margarita Aurora (coordinadora); Valcin ii, Boat People (1979) (pintura de la cubierta); Brutus H., Marie-Nicole (diseño de cubierta); Voltaire, Frantz (prefacio)
ISBN del libro:	978-607-30-5032-6 Trabajo realizado con el apoyo del Programa UNAM-PAPIIT-IN401618
Forma sugerida de citar:	Daniel, E. (2021). Radyografi kriz ayisyen. Jenèz ak sans yon reyaltite pliryèl. En M. A. Vargas (coord.), <i>Haiti en la hora crucial</i> (pp. 207-222). Universidad Nacional Autónoma de México, Centro de Investigaciones sobre América Latina y el Caribe. https://rilzea.cialc.unam.mx/jspui/

D.R. © 2021 Universidad Nacional Autónoma de México
Ciudad Universitaria, Alcaldía Coyoacán, C.P. 04510
Ciudad de México, México.

Centro de Investigaciones sobre América Latina y el Caribe
Piso 8 Torre II de Humanidades, Ciudad Universitaria, Coyoacán, C.P. 04510
Ciudad de México, México.
<https://cialc.unam.mx>
Correo electrónico: cialc-sibiunam@dgb.unam.mx

Los derechos patrimoniales pertenecen a la Universidad Nacional Autónoma de México. Excepto donde se indique lo contrario, este contenido en su versión digital está bajo una licencia Creative Commons Atribución-No comercial-Compartir igual 4.0 Internacional (CC BY-NC-SA 4.0 Internacional).
<https://creativecommons.org/licenses/by-nc-sa/4.0/legalcode.es>



Usted es libre de:

- › Compartir: copiar y redistribuir el material en cualquier medio o formato.
- › Adaptar: remezclar, transformar y construir a partir del material.

Bajo los siguientes términos:

- › Atribución: usted debe dar crédito de manera adecuada, brindar un enlace a la licencia e indicar si se han realizado cambios. Pueden hacerlo en cualquier forma razonable, pero no de forma tal que sugiera que usted o su uso tienen el apoyo de la licenciante.
- › No comercial: usted no puede hacer uso del material con propósitos comerciales.
- › Compartir igual: si remezcla, transforma o crea a partir del material, debe distribuir su contribución bajo la misma licencia del original.

Esto es un resumen fácilmente legible del texto legal de la licencia completa disponible en:

<https://creativecommons.org/licenses/by-nc-sa/4.0/legalcode.es>

En los casos que sea usada la presente obra,
deben respetarse los términos especificados en esta licencia.

RADYOGRAFI KRIZ AYISYEN. JENÈZ AK SANS YON REYALITE PLIRYÈL

Elinet Daniel Casimir
Inivèsite Leta Ayiti

Depi kèk tan Ayiti ap souffri yon kriz ki pa janm jwenn yon solisyon ak aktè konsène yo. Depi aprè mouvman 86 la kote pèp ayisyen te kwape rejim divalye a (papa ak baby doc), peyi a pa janm konnen yon establisasyon politik, soti sou prezidan Leslie Francois Manigat (1988) pase pran Jean Bertrand Aristid (1991, 2004) ak Rene Preval (1996, 2006) pou rive konnen prezidan tankou Michel Martelly (2011) ak Jovenel Moise (2017), kriz la pi konplike. Aktyèlman peyi a konvèti an yon repiblik kote bandi fè lwa, aji jan yo vle lè yo vle. Se yon fenomèn ki bay yon ekwasyon: zam ilegal/bandi legal e ki pwouve leta ayisyen fèb nan domèn sekirite nasyonal. Refleksyon nan kad travay sa chita sou ob-savasyon dirèk ak konesans aktè ak enterè yo manifeste. Sa pèmèt nou poze kesyon poukisa kriz kwonik sa? Poukisa aktè yo pa rive jwenn yon solisyon? Ki faktè nasyonal ak entènasyonal ki jwe nan dire kriz la?

Ayiti se premye peyi nèg ki koupe fache ak enperyalis kolon ewopeyen yo e ki mete yon bout ak esklavaj nan mond lan. Li rive genyen viktwa sou tout pwisans militè ewopeyen yo nan kòmansman 19èm syèk, rive mete kanpe pou premye fwa *dwa moun* epi souffle van *libète* sou tout rès mond lan. Yo rele l manman libète. Li rive pwopaje van libète sa nan tout Amerik Latin lan ak lòt zòn nan mond lan. Nan sans sa, uwouguayen Eduardo Galeano, nan yon atik li ekri, vanse lide pou di ke Ayiti ap souffri paske nan lespri gran pwisans oksidan yo li

komèt sa li menm rele yon deli diyite.¹ Ayiti vle di emansipasyon nèg ak pèp nwa.

Otè uwougwayen an pran defans peyi sa, ak rezon, lè l konsidere endepandans li nan lane 1804 ki pote yon gwo wòch nan konstriksyon dwa moun ak istwa imanite. Dat ki fè blan kolon tranble, ki fè Napoleon Bonaparte nan lepòk chache tout mwayen pou toufe revolisyon nèg sa, -aprè lame l la pèdi devan lame endijèn ayisyen an ki te gen nan tèt li Jan Jak Desalin. Gwo defèt sa pral pwovoke reyalizasyon Kongrè Vyèn (Congreso de Viena), Otrich, nan lane 1815 pou anpeche revolisyon an pwopaje nan rès koloni yo.

Evènman istorik sa, kise endepandans Ayiti, rete yon pwen nwa tankou yon sikatris nan memwa kolektiv oksidan an, ki pral youn nan aspè konplo diplomatik entènasyonal ewopeyen nan kongrè a, pou anpeche emansipasyon nèg nwè pran jarèt kòm sa dwa. Ayiti pa gen dwa ekziste, li pa dwe reprezante yon modèl pou lòt sosyete oprime yo. Depi lè sa blan kolon sèman ke ti peyi sa ke nèg nwè ki soti anba esklavaj mete debou a pa dwe vanse nan chimen devlopaman ak pwogrè.

Ayiti kreye premye diskou tout bon sou *moun* an jeneral : tout moun se moun, tout moun sanble. Se youn nan tèz kokenn chenn entèlektiyèl Antenor Firmin tap defann nan liv *Egalite ras imèn. Antwopoloji pozitif* (1885) ke li ekri pou reponn ak tez rasis entèlektiyèl ewopeyen yo ki fè konnen ke ras nwa enferyè devan ras blanch ak jòn. Nan sans sa peyi oksidan yo konsidere l kòm yon move grenn nan jaden entenasyonal la, yo itilize rasis ak diskriminasyon sosyal pou fè chita sisèm eksplwatasyon kapitalis yo a. Se yon peyi malgre istwa li ki bay anpil jarèt nan refleksyon kritik mond lan, li toujou rete nan yon teyori rezistans paske li toujou nan yon lit pou rekonesans li nan mitan kominote entenasyonal la. Se nan lide sa ou ka obsève yon sektè nan mond entènasyonal la mare sosis li ak yon sektè nan peyi a pou domine rès popilasyon an ak kontwole tout pouvwa andan peyi a, bagay sa ogmante nivo koripsyon ki genyen jounen jodia nan tout zantray

¹ Eduardo Galeano, "Los pecados de Haití", Portal de la Economía Solidaria, 26 de julio de 1996. Acerca de su concepto de "delito de la dignidad": <https://www.economiasolidaria.org/biblioteca/los-pecados-de-haiti-eduardo-galeano>

sosyete a. Koze sila debouche sou fenomen bandi ki pwofite feblès leta pou layite kòl nan tout peyi a.

Kidonk sitiyaasyon Ayiti ap viv nan moman an se pa yon bagay ayè, li gen rasin li byen lwen depi lè blan kolon debake sou bout tè sa, e li kontinye pèsiste; ansanm repetisyon pwoblèm sa yo fè li tounen yon kriz kwonik. Se yon sitiyaasyon konplike, pou konprann li fòk ou analize l kòm yon tout (todo), sa mwen rele apwòch jeotnòrealite, ki anbwase tout aspè, tout dimansyon kriz la nan tout nivo sosyete a. Men nan kad travay sa, mwen chita plis sou reyalize yon radyografi sitiyaasyon aktyèl la pandan map fé limyè sou kèk bagay ki konsène istwa ekonomik ak sosyopolitik kriz la. Map eseye analize l nan 2 tan : nan yon premye tan kap konsène entènasyonal, kote kriz la konsidere kòm yon repons peyi oksidan yo bay Ayiti ; nan yon dezyèm tan nasyonal, kap konsidere kriz la kòm yon maryonèt oligachi ayisyen an pwovoke pou kenbe sitiyaasyon peyi a nan menm eta a epi vin pi rich pandan lòt klas yo ap disparèt.

Ayiti se youn nan peyi ki adopte pwensip twa pouvwa (ekzekitif, lejislatif ak jidisyè) nan lide demokrasi modèn lan, ke manman lwa peyi a kise Konstitisyon 1987 la etabli nan atik 59-60, yon manyè pou chak pouvwa ka rive frenen aksyon depase yon lòt pouvwa. Men depi dat sa li pa janm ka rive aplike tout bon, li plis parèt yon sous konfli ant pouvwa yo, menm jan ak tout moun ka obsève evololisyon kriz la. Mwen soutni ke pwensip twa pouvwa kite liy direktiv la, pou li pran chimen anachi enstitisyonèl. Tout aktè nasyonal tankou entènasyonal pwofite viraj sa epi aji nan enterè pèsònèl yo san panse konsekans nefas sou rèz kominote a. Se yo kriz tout moun enplike nan kriz la.

KI ENPLIKASYON KOMINOTE ENTÈNASYONAL LA NAN KRIZ LA?

Se yon bagay tout obsèvatè ak chèchè nan domèn lan konstate politik peyi Ayiti fèt nan salon blan meriken (kay Tonton Sam), salon blan franse ak salon blan kanadyen. Trio sa deside jan li vle politik la fèt e kisa aktè yo dwe fè. Yo ekzèse enfluyans sa tout jan: nan repwodiksyon konesans panse dominan an ak mwayen teknolojik ke yo enpoze nou kòm sibaltèn. Konpòtman tradui sa Immanuel Wallerstein rele sistèm-

mond, kote globalizasyon an bay gwo peyi endistriyalize yo posiblite pou rantr nan zafè entèn ti peyi yo.² Nan sans sa, Ayiti ap soufri anba 2 gwo teyori ke latinoamerikanis yo kalifye “kolonyalite konesans ak kolonyalite pouvwa”.³ Enterè gwo peyi sa yo chita sou twa (3) bagay pwensipal: dominasyon kiltirèl, esplwatasyon richès anba tè ak toufe istwa nèg nwè ayisyen.

- 1) Youn nan gwo obstak peyi a soufri se zafè dominasyon kiltirèl ki sèvi pwolonjman kolonizasyon an. Li gen 2 gwo aspè: lang ak fòmasyon, ki bay kriz identite. Premyeman, nou gen yon sistèm edikatif ki etabli nan lang franse kote se yon fèb pousantaj nan elit la ki pale ak konprann li, alòske tout ayisyen pale ak konprann kreyòl kise lang natif natal yo. Malgre Konstitisyon an dakò 2 lang sa yo, men andan enstitisyon yo kreyòl la kontinye sibi diskriminasyon, li se yon objè pou kreye prejije nan mitan ayisyen yo, tankou yo ap fèl nan Amerik Latin lan ak lang endijèn yo. Yon pèp kap reflechi nan lang etranje pa ka fè pwogrès, e siw vle detwi yon pèp se atake sistèm edikatif li, rann li enferyè devan lòt. Refleksyon sa pa chita sèlman sou lide metwopol-koloni, li ale pi lwen pou kesyon mod panse nou kòm ayisyen. Nan ka Ayiti, se yon minorite nan gwoup sosyal ki frekante lekòl ki rive ka di 2 mo nan lang kolon an.

Tout fòmasyon akademik ak syantifik ayisyen chita sou baz pedagoji sistèm edikatif kolon yo, espesyalman Lafrans ak Kanada. Sa kreye yon depandans kiltirèl ki pèmèt repwodiksyon kolonyalite konesans lan, nan fòm kad entèlektiyèl ak teknik nan nivo lisans ak nivo posgradye pou retounen ensenye panse dominan an. Bagay sa sèvi yon baryè pou elèv ak inivèsitè rive reflechi tankou ayisyen. Kidonk nan anpil fwa se pwodui peyi sa yo (kad ki fòm lakay yo) ki okipe pòs kle nan administrasyon piblik la, nan anpil fwa yo aji nan enterè kolon an ak nan enterè

² Immanuel Wallerstein, *Geopolítica y Geocultura. Ensayos sobre el moderno sistema mundial*, Madrid-Barcelona, Editorial Kairós, 2007.

³ Nan sans sa ou ka li tèks Edgar Lander ak Anibal Quijano.

pèsonèl yo. Anpil fwa yo rantrè nan konfli ak kad ki etidye nan lòt peyi, sitou Amerik Latin ak Karayib, pou montre siiperyorite fòmasyon yo. Se yon fo pretansyon ki pa chita sou okenn baz lojik kolektivite, sa fè m sonje pawòl premye minis britanik lan, Tony Blair, ki avwe: 'panse 21èm syèk la se lakay Amerik Latin'. Batay sa pafwa jenere koripsyon nan pratike zanmitay administratif.

- 2) Yon lòt gwo enterè peyi kolon yo genyen se swaf pou eksplwate richès tè a ke ekspè nasyonal ak entènasyonal evalye anpil milya dola meriken. Lafrans ak Etazini se 2 kolon ki nan goumen ak koute tire pou gen kontwòl la. Se sak fè yo toujou patisipe nan fòje ak mete aktè nan pòs elektif oubyen nominatif pou kenbe sistèm lan anba kontwòl yo. Ayiti se kafou ki jenere anpil enterè pou oksidan an : nan voye tout kalite pwodui sou mache ayisyen an, nan van'n zam, nan fè pase dwòg pou rive Etazini ak Ewòp. Jis rive nan lane 2008 Lafrans tap goumen pou pran 90% petwòl ayisyen e bay Etazini 10% dapre yon kolonèl franse retirete, Frank, kite sèvi espion pou peyi l. Dapre ekspè peyi sa yo, Ayiti gen anpil pwodui ra ke peyi sa yo pa genyen tankou iridyòm (irridium). Tout entèvansyon meriken nan peyi a genyen pou wè ak eksplwatasyon ak kontwòl estratejik zòn lan. Se nan sans sa li deklare zòn Karayib la se dèyè lakou l.

Men peyi kolon sa yo toujou jwenn yon rezistans nan kan ayisyen pou livre tout richès peyi a nan men yo san kondisyon, menm si sa pa anpeche yo itilize rezo elit mafya ayisyen an pou yo genyen kèk bagay. Se sa ki eksplike anpil fwa yo pito genyen chèf ki pwòch yo sou pouvwa pou fasilite yo nan estrateji peze souse yo a. Yo pito alimante kriz la ak rekonèt gouvènman tranzisyon politik si pouvwa lejitim lan (ki soti nan eleksyon) paka satisfè enterè yo.

- 3) Twazyèm gwo enterè kolon yo nan alimante kriz la se efase istwa pèp nwa, ki pa kadre ak eksplikasyon sistèm-mond kapitalis la, pwensipalman revolisyon ayisyen 1804. Pou premye fwa, yon

gwoup esklav di non ak kondisyon inimèn yo tap sibi anba blan kolon franse epi pote flanbo libète a pi lwen pase fwontyè yo. Bout istwa sa bay blan kolon anpil pwoblèm nan yon sans ki pa kadre ak ideoloji dominan an. Nan zye gwo peyi enperyalis yo, Ayiti konsidere kòm yon obstak majè. Yo itilize èd entènasyonal nan filyè Òganizasyon Non gouvènmantal (ONG) pou jwe ipokrizi ak pèp ayisyen. Ricardo Seitenfus⁴ pale de echèk èd entènasyonal an Ayiti. Nan anviwon 1500 ONGs kap fonksyone sou tèritwa nasyonal la, sèlman 600 gen otorizasyon legal, dapre sous Ministè Planifikasyon ak koperasyon Ekstèn. Se nan sans sa Sauveur Pierre-Etienne,⁵ entèlèktyèl ayisyen, pale de envazyon ONG nan peyi a.

Youn nan gwo aspè kriz la pran nan moman an se yon kantite zam ak katouch ki ap deplwaye sou mache ayisyen an chak jou nan yon fason ilegal k ap alimante gwoup bandi. Se fasil tande sou nenpot estasyon radyo yon sitwayen ou yon aktè politik reklame tèl gwoup bandi se pa l oubyen yo akize yon chèf bandi e li pa gen mwayen defann li nan piblik. Nan sans sa pa gen moun ki epanye anba zak yon gwoup kap opere nan plen midi tankou lanwit. Se yon komès ki rentab anpil. Youn nan gwo preokipasyon obsèvatè ak chèchè genyen sou koze a, ki kote kap pwodui Ayiti tout kantite zam sa yo nan yon ti tan konsa alòske peyi a pa fabrike zam. Pa gen lòt repons se entènasyonal la, kouman sa fè posib ? Pa gen twop eksplikasyon kote leta ayisyen.

KI WÒL AKTÈ NASYONAL YO JWE NAN KRIZ LA?

Ayisyen se premye responsab sitiyaasyon kriz la, paske Ayiti se pou ayisyen. Gen kriz se chak fwa gen yon pwoblèm ki pa rezoud oubyen aktè yo paka dakò sou yon solisyon. Nan panse latinameriken an, kriz se yon sitiyaasyon tansyon ki bay posiblite pou gen bon jan

⁴ Ricardo Seitenfus, *L'échec de l'aide internationale à Haïti: Dilemmes et égarements*, Port-au-Prince, Editions Université d'État d'Haïti, 2015.

⁵ Sauveur Pierre Etienne, *Haïti: l'invasion des ONG*, Montréal, Éditions CIDIHCA, 1997.

chanjman sou wout pwogrè imen. Nan lide sa, entèktyèl meksiken Lucio Oliver vanse lide: kriz pou kont li pa move paske li kapab kreye lòt opòtinite,⁶ men fok li ale nan sans byenèt kolektivite a pou yon chanjman tout bon.⁷

Nan faz sa travay sila enterese plis fè yon radyografi kriz la, sa vle di bwase lide nan jan aktè nasyonal yo konpòte ak gade tou ki enpak li fè nan sosyete a nan tout nivo. Youn nan dimansyon li pran nan 4 mwa pase yo, se sa yo batize 'peyi lòk' (país cerrado/locked country), kote tout aktivite sispan'n fonksyone, tout enstitisyon piblik tankou prive fèmen pòt anba lòd opozisyon politik radikal la ak yon gwoup manifestan ki ap mande eksplikasyon sou kòb petwokaribe ke elit politik ak elit ekonomik peyi a gaspiye nan koripsyon. Youn nan estrateji yo itilize pou fè mo dòd *peyi lòk* la respekte se mete barikad nan tout wout, anpeche gen sikilasyon, epi itilize gwoup ame pou fè represyon sou popilasyon an. Pratik sa kòmanse presizeman nan mwa fevrye 2018 ak yon frekans kout dire, jiskask li pran yon peryòd pi long soti mwa sekatanm rive fen mwa novanm.

Mwen rezime *peyi lòk* la ak yon teyat politik kote preske tout aktè patisipe, youn nan baz estratejik li se vyolans, kote elit politik, elit ekonomik, elit entèlèktyèl ak gouvènman pran plezi manipile mas pèp la ki nan nesesisite e rive mete leta anfas yon defi pou l paka dirije. Leta, sèl òg'a'n ki ta dwe gen monopol ak kontwol vyolans tankou Nicolas Machiavel fè konprann nan *El Príncipe* (1532), paka asire lavi sitwayen l, se gwoup bandi (gang) ki gen kontwol sa pandan tout peryòd kote fenomèn ensekite pran yon kokenn chenn dimansyon nan zafè vyole dwa lavi moun. Chak aktè gen gwoup bandi k ap travay pou li, dirèkteman oubyen endirèkteman. Sitiyasyon sa favorize koripsyon,

⁶ Lucio Oliver, "La crisis del Estado en América Latina y la recuperación del pensamiento teórico latinoamericano", *América Latina: historia, realidades y desafíos*, Norma de los Ríos Méndez e Irene Sánchez Ramos (coord.), México, UNAM / Posgrado en Estudios Latinoamericanos, 2005, pp. 395-418.

⁷ Elinet Daniel C., "Haití en la construcción de la Identidad cultural latinoamericana: 1801-1821", *Diversidad cultural e interculturalidad en nuestra América*, Tihui Campos Ortiz y Margarita Ortiz Caripán (coord.), México, UNAM / Posgrado en Estudios Latinoamericanos - Ediciones Eón, 2012, pp. 43-50.

fasilite kontreband, mache nwa, trafik zam ilegal, trafik dwòg ak vyo-lans òganize. Tout sa afekte sekirite nasyonal la nan tout dimansyon.

Leta ayisyen vin pi fèb, plis pase jan l te ye anvan. Kidonk Leta pèdi sans modèn li, kise leta pwovidans ki la pou pwoteje tout sitwayen l alawonbadè. Mons sa, nan langaj Thomas Hobbes nan *Leviathan* (1651), ki dwe jenere konfyans tout kouch nan sosyete a, ki dwe tabli jistis pou tout moun, pèdi puisans devan zak bandi ki paralize anpil zòn nan peyi a. Nan lide pou evite Leta tonbe nan sitiwayon kote l pa gen kontwol, gran jiris Montesquieu, nan *El espíritu de las leyes* (1748), mete l chita sou twa (3) pouvwa : ekzekitif, lejislatif ak jidisyè, pou youn regle ak veye aksyon lòt nan respè lwa ak konstitisyon. Malerezman pwensip sa kraze rakbwa nan peyi Ayiti. Nou asiste ak yon pasaj dominasyon pouvwa ekzekitif ak dominasyon pouvwa lejislatif sou lòt pouvwa yo. Yon palmantè se yon veritab aktè toutchatou, yon ‘magi politik’⁸. Yon fason ki pi senp pou di kriz la konplike anpil.

Plizyè baz bandi oubyen gwoup gang ame tabli nan peyi a anba direksyon aktè sa yo. Kote ki fè plis pale: nan depatman lwès: gran ravin, savan’n pistach, teyat nasyonal, tokyo, Bèlè, Dèlma 2, Lasalin, Solino; nan depatman latibonit: raboto, antre senmak, machan desalin. Gwoup gang sa yo pratike masak, vòl, vyòl, kidnapin ak trafik ilegal zam ak dwòg. Sa vle di *peyi lòk* la pèmèt gen plis posiblite pou reyalize aksyon sa yo. Lakay tout moun tounen yon ti prizon, sa lakoz anpil moun tonbe malad sikolojikman (estrès, twoub mental) ak fizikman (tansyon wo, dyabèt). Ou kapab obsève tou yon sitiwayon kote leta pèdi kontwòl fonksyonman sosyete a. Ou kapab poze w kesyon si ou nan ki mod leta ou ye : fèb, eksepsyon oubyen emèjensya?

BATAY OPOZISYON POLITIK RADIKAL KONT GOUVENMAN

Yo batize opozisyon politik la kòm radikal, sa vle di ki kenbe yon sèl pozisyon, ki pa vle chita sou tab negosiyasyon. Tout enterè l se poze aksyon pou prezidan peyi a -ki eli nan lane 2016- kite pouvwa san

⁸ Magi politik vle di aktè a nan tout bagay. Yo konn di tou nan pwovèb kreyòl la se yon moun ki nan tout sòs.

kondisyon. Se yon konfli politik ki chita nan mod òganizasyon dènve eleksyon nan peyi a, kote anpil aktè pat dakò ak rezilta Konsèy Elektoral Pwovizwa (KEP) la te pibliye, kòmkiwa te gen magouy nan piblikasyon yo. 7 mwa aprè Prezidan Jovenel Moise te prete sèman, gen kèk lidè politik tankou Moise Jean-Charles mande pou li bay pouvwa pou yo òganize lòt eleksyon ki enspire konfyans vòt pèp la. *Konfli ouve* sa pral debouche sou yon latrè manifestasyon politik peyi a konnen nan lane 2019 la, tout kont lejitimite gouvènman an. Men revandikasyon sa yo pat jwenn soutyen tout kouch nan sosyete a.

Touswit manifestasyon yo pran lòt sans. Yon gwoup jèn (petrochallengers) kòmanse atake piblikman *dosye petwokaribe*⁹ a. Kisa li ye ? Se yon lajan ki evalye nan 4, 237, 598,789.12 \$US, nan kad akò Veneziyela ak peyi karayib yo pou founi gaz ak peyi Ayiti. Peyi benefisyè a rive sinje nan lane 2006 akò sa ki demare an 2007, men li resevwa premye livrezon l nan lane 2008. Dapre rapo Kou Siperye Kont sou itilizasyon kòb sa, li fè objè gaspiyay ak koripsyon soti nan lane 2008 pou rive 2018, sis (6) gouvènman diferan enplike nan debloke ak jesyon kòb sa. Yon eskandal ki pa kite popilasyon an rete bwa kwaze, li mande eksplikasyon nan menm lide Alain Turnier ekri 30 lane anvan : *Quand la nation demande des comptes*¹⁰ (1989).

Gwoup jèn sa yo kòmanse mouvman esplikasyon an ak eslogan ‘kot kòb petwokaribe a?’. Objektif la se rive tabli pwosè lajistis pou mete deyò tout koupab ak pini yo dapre lalwa. Mouvman sa deranje anpil aktè nan kriz la piske yo menm tou yo enplike nan eskandal la. Touswit, anba enfliyans elit ekonomik ak politik la, mouvman sa konvèti nan yon mouvman kont prezidan Jovenel ki dwe reponn kesyon lajistis sou koze a. Men se yon manyè pou detounen bon jan konprann popilasyon an sou sitiyasyon an, kout gidon sa bon pou gouvènman tou an ki pa vle fè fas ak lajistis. Se sak fè *peyi lòk* la tounen yon ‘teyat politik’, paske lide a se okipe lespri popilasyon an ak lòt evènman.

⁹ Audit Spécifique de Gestion du Fonds Petrocaribe. Gestion des Projets Financés par le Fonds Petrocaribe. Rapport 1. Janvier 2019: https://www.cscga.gouv.ht/view.php?download_file=documents/246.pdf. Konsilte nan dat 3 desanm 2019.

¹⁰ Tradiksyon lib lang kreyòl. *Lè nasyon an mande eksplikasyon*, Pòtopwens, Edisyon Le Natal, 1989. Lang panyòl: *Cuando la nación pide cuentas*.

Yon pwosè petwokaribe ap mete klè dosye tout moun ki patisipe nan gaspiye lajan leta, ayisyen tankou etranje ki gen lyen ak Ayiti, ap pèmèt ou wè byen kantite koripsyon ki genyen nan administrasyon piblik la, kouman li jenere nivo povrete peyi a. Nan kreye lòt evènman, aktè yo pwovoke yon repiblik bandi, kote medya yo (radyo, televizyon) fè pwopagand pou yo, paske yon chèf bandi gen plis chans ka pale nan mikwo jounalis nan plas yon analis politik oubyen yon inivèsite oubyen yon pwofesè-chèchè nan domèn lan. Pou konprann reyalyte sa, fòk ou konsidere lajan kòm motè aksyon lòt modèn nan sistèm kapitalis la. Nan anpil peyi k ap chache chimen devlopman li se yon sous kòripsyon, li ran'n lajistis fèb e li detwi valè moral ak etik yo.

Mouvman sa vin pase anba kontwòl opozisyon politik radikal la ki sèmante fòk prezidan an kite pouvwa pou li bay chans ak yon gouvènman tranzisyon. Mouvman sa genyen nan tèt li yon gwoup senatè manda yo ap fini 2èm lendi mwa janvyè 2020, ki rete kwè yo pap ka eli ankò ak vòt pèp la paske yo pa regle anyen ki nan avantaj li tankou fè bon jan lwa pandan tout dire yo nan palman an. Yo konstate prezidan Jovenel pa sou pataje pouvwa ak yo, e yo pa vle rete andeyò pouvwa pou lontan, yo pran chimen pou gen yon lòt tranzisyon. Mwen pwofite raple'n se yon gouvènman tranzisyon (Jocelerme Privert ak Enex Jean-Charles) ki te fè dènye eleksyon yo. Opsyon sa se kraze jèm demokrasi, se kraze valè repiblikèn yo, se ran'n enstitisyon piblik yo pi fèb, se jenere plis koripsyon ak fè kriz politik la dire plis.

Tout pouvwa rete yon sous konfli, paske li rantre nan dinamik chajman otorite nan yon espas-tan. Men tou konstitisyon 1987 la se yon veritab sous konfli nan jan li separe pouvwa yo ak defini wòl yo. Li lakoz gen enjerans nan mitan 2 pouvwa sa yo, ekzekitif ak lejislatif. Youn rantre nan tach lòt san konsensus. Sa fè enterè peyi a vini anaprè enterè pèsònèl yo. Men nan sans sa tou, nou kapab obsève yon batay ant 2 sektè politik: Lavalas kise pati Jean Bertrand Aristide ki reklame l lidè pèp ak PHTK (Pati Tèt kale) kise pati Michel Martelly kreye pandan l te prezidan (2011-2016) ke yo konsidere kòm yon branch nan Divalyeris la. Se PHTK ki bay prezidan aktyèl la e li genyen majorite nan palman an. Se 2 sektè ki kontwole fenomèn bandi a, ki jwenn

soutyen elit ekonomik la; kidonk se yon lese frappe pou gen pouvwa politik ak ekonomik.

Opozisyon politik radikal la mande pou prezidan eli a kite pouvwa san kondisyon. Nou obsève diskou sa nan nan anpil peyi sou kontinan meriken an nan 10 dènye lane ki pase la yo. Se ka tankou nan Brezil, Chili, Venezyela, Bolivi, Etazini, Ayiti ak lòt; menm si motif yo pa menm epi sosyete yo pa reyaji menm jan. Sa gen pou wè ak nivo konpreyansyon popilasyon yo ak nivo laprès balanse enfòmasyon yo. Nou ka papab di majorite popilasyon an gen pwoblèm ak laksis gouvènman sou kèk bagay enpòtan men li pa pataje lide voye prezidan ale pou gen tranzisyon. Nan deba sou kriz la, inivèsite a preske absan alòske li ta dwe yon lanètèn kap klere chimen solisyon an epi pwopoze altènativ pou soti ladan l.

Majorite popilasyon an, kit li konsyan oubyen li pa konsyan, ap pale sou Kriz la, ak rezon, kòm yon kriz-sistèm, kidonk sistèm politik. Yon sistèm politik nan langaj kèk entelektyèl tankou (Max Weber, David Easton, Talcott Parson's) se yon estrikti ki jere entèrelasyon ak tout eleman li, ki favorize entegrasyon ak adaptasyon. Nan ka peyi Ayiti, sistèm entèrelasyon sa pa fonksyone kòm sa dwa, gen yon konsta disfonksyonman eleman yo ki lakòz kriz la dire. Aktè ki enplike yo pa montre nan konpòtman yo gen konsyans nasyonal. Mankman sa pèmèt aktè yo pa ka rive jwenn yon solisyon nan yon konsansis pou soti peyi a nan kriz li twouve l.

Pou mwen mete fen ak travay sa, map atire atansyon lektè yo sou 3 bagay pwensipal ki lakoz Ayiti ap viv sitiyasyon kritik sa jounen jodia. Tout moun k ap obsève dakò se yon kriz sistèm ki lakòz tout deriv sa. Bagay sa yo rezime tout dimansyon kriz la sou plan fòmèl, estriktirèl ak enstitisyonèl. Se istwa kolonyal ki bay nesans premye leta nèg, izolman jeopolitik ak fòmasyon yon elit predatris:

Tout richès ak devlopman oksidan an chita sou istwa kolonyal, sa vle di sou esklavaj. Yon pratik ki fè pèp nwa pèdi valè yo tankou moun, fè li tounen machandiz. Ayiti se youn nan koloni ki te pi bèl, pi rich, men se li tou kite sibi esklavaj pi sovaj anba kolon blan franse. Yo te rele l *Pèl Zantiy*, nan lang franse *La perle des Antilles*, pou kantite resous natirèl li posede. Lafrans se dènye puisans kolonyal nan lakou Ewòp

ki te eksplwate zantiy la anvan li pase dominasyon an bay pi gwo puisans ejemonik mond lan, Etazini. Kidonk, kriz la pa deranje puisans yo okontrè li pèmèt yo eksplwate richès li kòm moun ki gen kle *bwat nwa*, pou nou ale nan menm sans ak refleksyon Fernando Fajnzylber (1990) sou Amerik Latin ak Carayib.¹¹ Kidonk kriz Ayiti a se yon kriz enperyalis tou.

1804 bay nesans ak jeopolitik kontrèman jan istwa inivèsèl la fè kwè se nan lane 1840 yo. Dat sa se yon ofans pou oksidan an, pou enperyalism ejemonik lan, se yon dat ki di non ak modèl sosyete kapitalis sovaj la. Gwo puisans yo mete dakò pou izole premye leta nèg nan emisfè a sou tout plan. Kòm ekzanp, Lafrans ekzije l peye 150 milyon fran pou rekonèt endepandans li nan lane 1825, Etazini rekonèt endepans Ayiti nan lane 1862. Endepandans etazini an aksepte devan tout kominote entenasyonal la tandiske pa Ayiti a yo meprize l. Gwo pisans yo anpeche premye leta nèg la devlope relasyon komèsyal ak lòt peyi tankou granmoun pandan li se yon manm fondatè SDN ak ONI.¹² Se yon atitid kominote entènasyonal la devlope kont peyi nèg la e ki kontinye ap fè pale de li jis jounen jodia. Yo kontribye nan kreye enstabilite nan peyi a atravè anbasad yo.

Tout reyaltite sa yo mare sosis ak fòmasyon yon klas elit kalifye pre-datris ki pa chita sou okenn konsyans nasyonal. Yo pa gen kapasite konsilye enterè pèsonèl ak enterè nasyonal, kidonk yo pa ka panse devlopman peyi a. Jean Casimir (2009) pale de yon dyalòg moun soud nan mitan elit yo. Yon elit ekonomik ki se revandè, ki pa envesti nan peyi a, ki pito itilize koripsyon kòm mwayen fasil pou pwoteje enterè l. Yon elit politik ki anti-enstitisyonèl, anti-nasyonal, kise mèsenè politik, ki prè pou tout kalite konpwomi pou enterè l menm si nasyon an dwe efase. Yon elit entèlektyèl ki pran kostim pouryanis mete sou

¹¹ Fernando Fajnzylber, *Industrialización en América Latina: de la “caja negra” al “casillero vacío”. Comparación de patrones contemporáneos de industrialización*, Santiago de Chile, Naciones Unidas / Comisión Económica para América Latina y el Caribe, 1990: https://repositorio.cepal.org/bitstream/handle/11362/27955/S9000502_es.pdf?sequence=1&isAllowed=y

¹² SDN: Sosyete Nasyon yo ak ONI: Òganizasyon Nasyon Ini. Lang panyòl: Sociedad De las Naciones y Organización de las Naciones.

li pou fè jwèt elit anvan yo, ki ran'n lejitim tout aksyon lòt yo, ki konstante l obsève peyi a kap plonje nan abim san fon, ki pa gen kapasite ni aji ni pwopoze pou jwenn yon solisyon nan kriz la.

Ayiti fonksyone jodia tankou yon nasyon, yon leta, yon sosyete san tèt. Popilasyon an fatige ak sistèm sa, li mande amelyorasyon. Kritik sa yo fonde sou lwa majorite, sa vle di sou entansyon ak ekspresyon majorite moun nan sosyete a. Menm si aksyon l se silans, men li aksepte sitiyaasyon sa kritik, kidonk se chanje sistèm peze souse sa pou bay nesans ak yon lòt ki konsidere tout ayisyen se ayisyen, paske li dwe viv byen nan pwòp peyi l. Konpòtman ak irresponsablite elit yo gen chans mennen Ayiti nan yon gè sivil tèt dwat si pa gen konsyans kolektif ki manifeste lidè yo. Kriz la konplike paske li rele kriz, paske se yon ansanm enterè ki pa konjige sou menm pyedestall.

REFERANS

Alexandre, Guy, *Pour Haïti. Pour la République Dominicaine*, Port-au-Prince, C3 Editions, 2013 (Coll. Bohío).

Ans, André Marcel d', *Haïti, paysage et société*, Paris, KARTHALA, 1987.

Audit Spécifique de Gestion du Fonds Petrocaribe. Gestion des Projects Financés par le Fonds Petrocaribe. Rapport 1. Janvier 2019 : https://www.csc.ca.gouv.ht/view.php?download_file=documents/246.pdf

Bosch, Juan, *De Cristóbal Colón a Fidel Castro. El Caribe, frontera imperial*, Santo Domingo, Editora Corripio, 2000 [1969, 1970].

Butel, Paul, *Les Caraïbes au temps des flibustiers XVI-XVII siècles*, Paris, Aubier Montagne, 1982.

Casimir, Jean, *Haïti et ses élites: l'interminable dialogue de sourds*, Port-au-Prince, Éditions de l'Université d'État d'Haïti, 2009.

Castor, Suzy, *La intervención norteamericana en Haití y sus consecuencias*, México, Siglo XXI Editores, 1978.

Ceceña, Ana Esther *et al.*, *El Gran Caribe. Umbral de la geopolítica mundial*, Quito, OLG Editorial, 2010.

Chomsky, Noam, *El terror como política exterior de Estados Unidos*, Buenos Aires, Libros del Zorzal, 2005.

Corten, André (coord.), *Haití y República Dominicana. Miradas desde el siglo XXI*, Port-au-Prince, C3 Editions, 2013 (Coll. Bohío).

Daniel C., Elinet, “Haití en la construcción de la Identidad cultural latinoamericana: 1801-1821”, *Diversidad cultural e interculturalidad en nuestra América*, Tihui Campos Ortiz y Margarita Ortiz Caripán (coord.), México, UNAM / Posgrado en Estudios Latinoamericanos - Ediciones Eón, 2012, pp. 43-50.

Daniel C., Elinet, “Pensamiento crítico caribeño: génesis y posturas epistemológicas”, en *Algarrobo-MEL Revista latinoamericanista*, vol. 5, 2016 : <https://revistas.uncu.edu.ar/ojs/index.php/mel/issue/view/69>

Etienne, Sauveur Pierre, *Haiti: l'invasion des ONG*, Montréal, Éditions CIDIHCA, 1997.

Fagg, John Edwin, *Cuba, Haiti, and Dominican Republic: The Modern Nations in Historical Perspective*, Englewood Cliffs (New Jersey), Prentice-Hall, Inc., 1965.

Fajnzylber, Fernando, *Industrialización en América Latina: de la “caja negra” al “casillero vacío”. Comparación de patrones contemporáneos de industrialización*, Santiago de Chile, Naciones Unidas / Comisión Económica para América Latina y el Caribe, 1990: https://repositorio.cepal.org/bitstream/handle/11362/27955/S9000502_es.pdf?sequence=1&isAllowed=y

Firmin, Anténor, *Monsieur Roosevelt, Président des Etats-Unis, et la République d'Haïti*, New York, Hamilton Bank Note Engraving and Printing Company; Paris, F. Pichon et Durand-Auzias, 1905.

Galeano, Eduardo, *Las venas abiertas de América Latina*, Siglo XXI Editores, 2004.

Galeano, Eduardo, “Los pecados de Haití”, Portal de la Economía Solidaria, 26 de julio de 1996: <https://www.economiasolidaria.org/biblioteca/los-pecados-de-haiti-eduardo-galeano>

Gruner, Eduardo, *La oscuridad y las luces. Capitalismo, cultura y revolución*, Buenos Aires, Edición EDHASA-GRUNER, 2010.

Lister, Elissa L., *Le conflit haïtien-dominicain dans la littérature caribéenne*, Port-au-Prince, C3 Editions, 2013.

Oliver, Lucio, “La crisis del Estado en América Latina y la recuperación del pensamiento teórico latinoamericano”, *América Latina: historia, realidades y desafíos*, Norma de los Ríos Méndez e Irene Sánchez Ramos (coord.), México, UNAM / Posgrado en Estudios Latinoamericanos, 2005, pp. 395-418.

Manigat, Leslie F., *L'Amérique Latine au xxe siècle* [tomes I & II], Paris, Ed. Seuil, 1991.

Midy, Franklin, *Mémoire de la révolution d'esclaves à Saint-Domingue*, Montréal, Les Editions CIDIHCA, 2006.

Mintz, Sydney, *Caribbean Transformations*, Chicago, Chicago University Press, 1974.

Morin, Edgar, *Pour sortir du xxe siècle*, Paris, Editions Fernand Nathan, 1981.

Niedergang, Marcel, *Les 20 Amériques latines* [tomes I, II et III], Paris, Editions du Seuil, 1969 (Coll. Politique).

Péan, Leslie, *Béquilles: continuité et ruptures dans les relations entre la République Dominicaine et Haïti*, Port-au-Prince, C3 Editions, 2014.

Pierre-Charles, Gérard (coord.), *El pensamiento sociopolítico moderno en el Caribe*, México, Fondo de Cultura Económica, 1985.

Pierre-Charles; Gérard (coord.), *Los movimientos sociales en el Caribe*, Santo Domingo, Edición-Universitaria, 1987.

Price-Mars, Jean, *La République d'Haïti et la République Dominicaine : les aspects divers d'un problème d'histoire, de géographie et d'ethnologie* [tomes I & II], Port-au-Prince, Fardin, 1998 [1953].

Seitenfus, Ricardo, *L'échec de l'aide internationale à Haïti: Dilemmes et égarements*, Port-au-Prince, Editions Université d'État d'Haïti, 2015.

Wallerstein, Immanuel, *Geopolítica y Geocultura. Ensayos sobre el moderno sistema mundial*, Madrid-Barcelona, Editorial Kairós, 2007.